

FAST FACTS:

Itilizasyon Marijuana Nan Gwosès

- 
- 
- 1** Marijauna gen prèske 500 sibstans tankou tetrahydrocannabinol (THC), se li ki engredyan psikoaktif nan marijuana, ki ka pase nan plasanta a pou rive jwenn bebe anan gwosès epi ki ka andomaje bebe a nan devlopman li.¹
 - 2** Plasanta a se yon organ ki devlope anndan iteris manman an nan gwosès li ki fonksyonepou bay oksijèn ak lòt bagay nesesè pou ede bebe a grandi. Se menm jan an tou ke lòtsibstans tankou marijuana, tabak, alkòl, ak lòt dwòg ka pase al jwen ti bebe a.²
 - 3** Lè ou itilize marijuana, kèlkeswa metòd lan (manje li, fimen li, oswa vaporize li), THC ka pase nan plasanta a rapidman epi ale nan sèvo ti bebe a ak selil lipid li.²
 - 4** THC atache li a kèk reseptè nan sistèm andokanabinoid intèn nou, ki jwe on gwo wòl nan devlopman sistèm nève santral nou. Sa vle di ke itilize marijuana diran gwosès kaandomaje sèvo bebe a nan devlopman li.²
 - 5** Fimen marijuana ekspoze ni manman ak ti bebe a kabòn monoksid ak lòt pwazon ki nan sigarèt men nan on pi gwo konsantrasyon. Itilizasyon marijuana ka rezilte nan on diminisyon nan nivo oksijèn manman an, ki ka rezilte nan on ogmantasyon nan risk pouli respire ak lot pwoblèm devlopman pou ti bebe a.²
 - 6** Alete leu wap itilize marijuana vreman danjere paske THC rete nan tisu adipez manman an e lantman kite sistèm li, ki ka ekspoze ti bebe a menm si manman an sispann fimen.³
 - 7** Gen lòt efè negative ke ou pa konnen. Pwazon takou pestisid, zèbisid, angrè, ak rodantisid itilize souvan nan grandi plant marijuana, epi yo ka afekte ti bebe a tou.²
 - 8** Pysisans marijuana jounen jodi a bokou pi fò ke sa li te ye menm di zan de sa. Enpak itilizasyon marijuana jodi an pa vreman byen define, epi ka gen pliz efè negative ke noupoko dekouvri.²

<https://www.marijuanaknowthetruth.org/marijuana-and-pregnancy>

REFERENCES:

- ¹Substance Abuse and Mental Health Services Administration. (n.d.). *Marijuana and pregnancy*. Retrieved October 6, 2022, from <https://www.samhsa.gov/marijuana/marijuana-pregnancy> ²Ryan, S. A., Ammerman, S. D., & O'Connor, M. E. AAP Committee on Substance Use and Prevention, AAP Section on Breastfeeding. (2018, September). Marijuana use during pregnancy and breastfeeding: Implications for neonatal and childhood outcomes. *Pediatrics*, 142(3). <https://doi.org/10.1542/peds.2018-1889> ³Lo, J. O., Hedges, J. C., & Girardi, G. (2022, October). Impact of cannabinoids on pregnancy, reproductive health, and offspring outcomes. *American Journal of Obstetrics & Gynecology*, 227(4), 571-581. doi: 10.1016/j.ajog.2022.05.056